दिन–रवि दिनांक–23.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

शिक्ष मंत्रालय राष्ट्रीय पात्रता सह प्रवेश परीक्षा–नीट–यूजी दू हजार चौबीस मे कथित अनियमितताक मामिलाक व्यापक जाँचक लेल केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो सीबीआई के सौंपि देलक अछि। एम्हर, सीबीआई एहि मामिला मे एफआईआर दर्ज कऽ जाँच शुरू कऽ देलक अछि। मंत्रालय एक वक्तव्य मे कहलक जे सरकार परीक्षा सभ मे विद्यार्थी लोकनिक हित सुनिश्चित रखबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। जँ कोनो व्यक्ति या संगठन एहि मामिला मे लिप्त पाओल जायत छथि तऽ हुनक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कयल जायत। राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए पछिला मासक पाँच तारीख कऽ नीट–यूजी परीक्षा संचालित कयने छल। परिणाम अयबाक बाद परीक्षा मे अनियमितता आ जालसाजी कयल जयबाक आरोप लागल छल।

---

बिहार पुलिस नीट–यूजी परीक्षा दू हजार चौबीस मे कथित अनियमितताक क्रम मे झारखंडक देवघर जिला सँ छओ लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। देवघरक अनुमंडल पुलिस अधिकारी रित्विक श्रीवास्तव जनौलनि जे संदिग्ध सभ के देवीपुर पुलिस थाना क्षेत्र मे एम्स, देवघर के लऽगक एक मकान सँ पकड़ल गेल आ बाद मे बिहार पठा देल गेल अछि। बिहार पुलिसक आर्थिक अपराध इकाई एहि मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि। ईओयूक टीम पकड़ल गेल लोक सभ सँ लगातार पूछताछ कऽ रहल अछि। एहि सभक पटना मे स्वास्थ्य परीक्षण कराओल गेल। एकर बाद हिनका सभके न्यायालय मे पेश कएल जायत। पुलिए हिनक रिमांडक मांग सेहो कऽ सकैत अछि।

---

नीट परीक्षा परिणाम के लऽकऽ उठल विवादक मध्य राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए के महानिदेशक सुबोध कुमार सिंह के हुनक पद सँ हटा देल गेल अछि। भारतीय व्यापार संवर्धन

संगठनक अध्यक्ष आ प्रबंध निदेशक प्रदीप सिंह खरोला के एनटीए महा निदेशक के अतिरिक्त प्रभार सौंपल गेल अछि।

—————————————————————————

केन्द्रीय गृह आ सहकारिता मंत्री अमित शाह आइ नव दिल्ली मे देश मे बाढ़ि प्रबंधनक तैयारी सभ के लऽकऽ एक उच्चस्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। श्री शाह अधिकारी सभ के बाढ़ि निरोधक कार्य सभ के समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि अछि। बैसक मे जलशक्ति मंत्री सीआर पाटिल, गृह राज्यमंत्री नित्यानन्द राय आ केन्द्र सरकारक विभिन्न मंत्रालय आ विभागक सचिव सभ भाग लेलनि।

—————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूरा तरहें सक्रिय नहि भऽ सकल अछि। राज्यक किछु भाग मे काल्हि मॉनसूनक प्रभाव सँ वर्षा होयबाक संभावना अछि। अगिला चौबीस घंटाक दरमियान पश्चिमी चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, वैशाली, गोपालगंज, भागलपुर, बांका आ लऽग पासक भाग मे वर्षा होयबाक संभावना अछि। ओतहि, विभाग रोहतास, औरंगाबाद, भोजपुर आ अरवल जिला मे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान लू के चेतावनी जारी कयलक अछि। मौसम विभाग जनौलक जे पच्चीस जून कऽ कतेको क्षेत्र मे भारी वर्षा भऽ सकैत अछि। पूर्वी आ पश्चिम चंपारण, सीतामढ़ी, सुपौल, अररिया आ किशनगंज जिला मे गरज के संग भारी वर्षाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान भोजपुर राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एतऽ के अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल।

—————————————————————————

राज्यक भूमिहीन सभ के तीन डिसमिल जमीन देल जायत। राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री डॉक्टर दिलीप कुमार जायसवाल कहलनि जे राज्यक सभ जिला मे शिविर लगा कऽ भूमिहीन लोक सभक मध्य बासगीत पर्चा वितरित कयल जायत। किशनगंज मे ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी तीन करोड़ आवास बनेबाक घोषण कयलनि अछि। ओकर सोझ लाभ प्रदेशक गरीब नागरिक सभ के सेहो भेटय एहि लेल ई डेग उठाओल जा रहल अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक गर्दनीबाग मे निर्माणाधीन बापू टॉवरक निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभ के शेष बांचल सभ काज के तेज गति सँ पूरा करबाक निर्देश देलनि। ओ जनौलनि जे एहि महत्वपूर्ण स्थलक निर्माण कार्य एक सँ डेढ़ मास मे पूरा भऽ जायत आ शीघ्रहि एकर उद्‌घाटन सेहो होयत। एहि अवसर पर जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, भवन निर्माण मंत्री जयंतराज, राज्यसभा सदस्य संजय कुमार झा आ कतेको वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

महान राष्ट्रवादी नेता श्यामा प्रसाद मुखर्जी के हुनक बलिदान दिवस पर आइ श्रद्धापूर्वक स्मरण कयल गेल। एहि अवसर पर पटना स्थित भाजपाक प्रदेश कार्यालय मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल। एहि दरमियान स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय, प्रदेश भाजपा संगठन महामंत्री भीखुभाई दलसानिया आ सांसद डॉक्टर संजय जायसवाल सहित कतेको नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

छत्तीसगढ़क कांकेर मे नक्सली हमला मे शहीद बीएसएफ जवान मदन सिंहक अंतिम संस्कार काल्हि औरंगाबाद जिलाक कुटुंबा स्थित हुनक पैतृक गाम सरसा मे सम्पन्न भेल। एहि अवसर पर स्थानीय लोक सभ हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। सीमा सुरक्षा बल आ जिला पुलिसक जवान शहीद कँ अंतिम सलामी देलनि।

———————————————————————————

अररियाक मार्शल आर्ट खेलाड़ी सीवान मे आयोजित चौदहम सब जूनियर, जूनियर आ सीनियर बालक–बालिका प्रतियोगिता मे तीन स्वर्ण आ दू कांस्य पदक जीतलनि अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।